

AUNTIE STELLA

QUESTION CARDS

(SHONA VERSION)



Training and Research
Support Centre (TARSC)
Zimbabwe
July 2006



Auntie Stella is a participatory toolkit for youth. An interactive web version is available in English at www.tarsc.org and www.auntiestella.org. Auntie Stella is also available in Shona, Ndebele and Kiswahili, with plans for translations into French and Portuguese in the coming year. These translations can be accessed at <http://www.tarsc.org/publications/> under the Children, women and youth section. To make it easier to access these materials, we have divided each translated version into 3 files:

- 1 Auntie Stella question cards
- 1 Auntie Stella answer cards
- 1 Auntie Stella Facilitator s and Adaptation Guide

Please make sure you download all three documents for a complete set.

Auntie Stella is also available on CDROM and as a printed pack with the letters on cards. The toolkit contains 40 laminated question and answer cards, a 40-page Facilitator s and Adaptation Guide and two information cards — one listing the topics in the letters and the other explaining difficult words.

To find out more about the Auntie Stella programme, or to place an order for a CDROM or hard copy, please contact admin@tarsc.org or Box CY2720 Causeway, Harare, Zimbabwe

Wadiwa Tete Stella

Ndiri musikana wemakore gumi nemanomwe, uye ndinodanana nemukomana mukuru kwandiri nemakore maviri. Dambudziko randinaro nderekuti mukomana wangu anogara achingoda kuti ndimufadze nezvinhu zvinondirwadza pamoyo. Tinotsvodana nekumbundirana, zvinova zvinondifadza chaizvo, asi ndinoramba kusangana naye pabonde. Anoti achazoguma ava bofu kana tikaramba tichingosiira zvinhu pakati.

Shamwari dzangu dzinoti kana ndichida kuchengeta mukomana wangu ndinotofanira kurara naye. Ndinotyta kuti acharara nevamwe vasikana kana ini ndikaramba ndichiramba, saka ndorara naye here? Iye anoti vanhu vese vezera redu vava kuita zvekusangana pabonde.

Zandile



ZVOKUTAIRIRANA

- Iwe neshamwari dzako munombosangana nedambudziko rakaita seraZandile nemukomana wake here – dambudziko rekuti mumwe wevaviri vanodanana anoda kuita zvekusangana pabonde asi mumwe wacho asingadi? Munoita sei nedambudziko iri?
- Kumbirai vamwe vaviri vemuboka menyu kuti vaedzesere hurukuro inenge iri pakati paZandile nemukomana wake. Zandile anenge achiti anoda mukomana wake asi haadi kurara naye. Mukomana anenge achiedza kunyengetedza Zandile kuti varare vose. Pavanozosvika kumagumo kwehurukuro iyi, bvunzai vaviri ava kuti vanga vachinzwa sei pavanga vari mukati medambudziko rakadai. Vakwanisa here kugadzirisa nyaya yavo nenzira inofadza mumwe nemumwe wavo? Kana vasina kugadzirisa nyaya yavo, vakumbirei kuti vatangezve kuita hurukuro yavo kusvika vakwanisa kugadzirisa nyaya yacho.
- Mukomana waZandile anoti achaguma ava bofu kana vakaramba vachisiira zvinhu pakati. Anorevei kana achiti ‘kusiira zvinhu pakati’? Ndezvipi zvimwe zvinonzi nevakomana zvinogona kuitika kana:
 - a vakanakidzwa nekubatana nekutsvodana nemusikana, asi vozoguma vasina kusangana nemusikana wacho pabonde, uye,
 - b kana vakasarara nemusikana?Pazvinhu zvavanotaura izvi ndezvipi zvechokwadi?

Vanhu vanombotaurawo here kuti zvinhu zvakadaro zvinogona kuitika kuvasikana?
- Pane dzimwe nzira here dzinogona kushandiswa kufadzana pasina kuti nhengo yemukomana yekuberekesa inopinda munhengo yemudiwa wake? Ungakurudzira vanhu kuti vatevedze nzira idzodzi here?

Wadiwa Tete Stella

Ndiri mukomana ava kuda kusvitsa makore gumi nemana uye ndine dambudziko riri kunyatsondinetsa. Nhengo yangu yekuberekesa yakanyanya kuita diki. Ndiri kunetseka nekuti haisi kukura sezviri kuita dzevamwe dzandakamboona uye ndinoty kuti zvichakanganisa upenyu hwangu pandichazotanga kuita zvepabonde. Ndapota hangu tete, ndiudzeiwo kuti nhengo yemukomana wemakore gumi nemana inofanira kukura zvakadii? Izvi zviri kundishaisa rufaro zvachose.

Peter



ZVOKUTAIRIRANA

- Munofunga kuti sei vakomana vachinetseka nenyaya yekukura kwenhengo dzavo dzekuberekesa? Kukura kwenhengo yemukomana chinhu chinokoshawo here kuvasikana?
- Sei nhengo dzevakomana dzekuberekesa dzakasiyana makuriro adzo?

Izvi zvinokonzerwa nei?

- zera?
- maumbirwo emuviri (kuva nemhumhu mukuru kana mudiki, kuva mukobvu kana mutete)?
- kukura kwenhengo yababa vako kana kwedzemadzikoma ako?
- kuti wakamborara nemunhu here kana kwete?
- zvimwewo zvikonzero?

- Pane makuriro enhengo anganzi ndiwo anofanira kuvapo here pamunhu wezera remakore gumi nemana akaita saPeter?
- Unofunga kuti kukura kwenhengo yemurume kune chekuita here nekugutsa kwaanoita mudiwa wake pavanosangana pabonde? Ndezvipi zvimwe zvakakosha pakugutsana pabonde?
- Ndezvipi zvimwe zvinoita kuti vakomana vava kuyaruka – nevasikanawo – vanetseke mupfungwa nekuda kwemiviri yavo? Itai mapoka anoti evakomana vega nevasikana vega. Nyorai mifananidzo yemiviri yenyu. Taridzai nhengo dzese dzese dzemiviri yenyu dzine zvamunonetseka nazvo mupfungwa. Ndeapi mazwi aungataurira munhu ari kunetseka nemuviri wake kuti agonzwa zviru nani? Kurukurai nezvepfungwa dzamabudisa, muchitarisa kuti ndedzipi pfungwa dzakanyanya kunaka. Ipai zvikonzero.

Wadiwa Tete Stella

Ndiri musikana wemakore gumi nemashanu, uye ndinogara nemukoma wangu nemurume wake. Babamukuru munhu anofara zvikuru uye vanoremekedzwa chaizvo mumhuri medu. Vanongogara vachindinemera, vachitaura nezvechiramu. Iko zvino vakati vanoda kuti ndirare muimba yavo yekurara. Vakati ndinofanira kuita saizvozvo nekuti ndicho chivanhu chedu.

Ndoita sei? Zvakanaka here izvi? Ndiri kutya kuti vanoda kusangana neni pabonde. Asi ndikaramba vanobva vangonditi ndibve pamba pavo.

Patricia

ZVOKUTAIRIRANA

- Kurukurai nezvamunoziva zvechiramu.
Munzvimbo mamunogara mune tsika yakadai here?
Ndezvipi zvinofanirwa kuitwa patsika iyi?
Zviri kuitwa nevanhu ndezvipi chaizvo?
- ‘Kudza vakuru vako’– munofunga kuti vechidiki vanofanirwa here
kukudza vakuru vavo nguva dzose, kunyange vakuru vacho
vakavati vaite zvinhu zvine ngozi kana zvinokuvadza?
- Ndeapi mazano aungapa Patricia?
Ndiani angamubatsira?

Gudo guru peta muswe kuti vaduku vakutye.




Kubva pamufananidzo wakaitwa naDarlington Chijena.

Wadiwa Tete Stella

Ndiri musikana wemakore gumi nemashanu uye ndinoty nyaya yeAIDS iyi. Makore maviri apfuura, mukadzi wababamunini vangu akashaika. Babamunini vakabva vauya kuzogara nesu. Iko zvino vava kunyanya kurwara, uye amai vangu vakandiudza kuti vane AIDS. Vaonda zvakanyanyisa uye havacharatidzike zvakana. Vanoswera vakangorara zuva rose.

Iko zvino ndava kutya kuti ndingangobatawo AIDS nekuti babamunini havana ndiro kana chimbuzi chavo vega, uye ndinombobatsira amai kuvachengeta. Ndapota, ndiudzeiwo zvekuita nekuti ndinoty kuti ndikaramba ndichigara pedyo navo, ndichifema mweya mumwe navo, ndinozobatawo chirwere ichi. Tete, ndobuda mumba umu here?

Petronella



ZVOKUTAIRIRANA

- Munoziva kuti HIV inopararira sei here? Nyorai pasi nzira dzamunofunga kuti ndidzo dzinogona kuita kuti mubate HIV. Tarisai pfungwa dzacho zvakare muchibvisa dzose dzisiri dzechokwadi. Ivai nechokwadi kuti imi neshamwari dzenyu munoziva mutsauko uripo pakati peHIV neAIDS.
- Kuita kwaPetronella kwakanaka here kwekutya kubata AIDS kubva kuna babamunini vake? Pane mukana mukuru, wepakati nepakati here, kana mudiki, wekuti abate AIDS? Pane zvaangafanira kuita here kuti azvidzivirire?
- Ndezvipi zvingaitwa neshamwari nevavakidzani vaPetronella kubatsira babamunini vake nemhuri yake? Ndevapi vamwe vangabatsira?
- Kana munzvimbo menyu muine vanhu vanorwara neAIDS
 - a** ndivanani vanovachengeta?
 - b** ndeapi matambudziko avainawo uye sei vainawo?
 - c** matambudziko anosanganikwa nawo nevanhu vanovabatsira ndeapi uye sei aripo matambudziko acho?
 - d** ndezvipi zvaunofunga kuti zvingaitwa kupedza matambudziko acho?

Wadiwa Tete Stella

Ndiri mukomana wemakore gumi nemashanu, uye ndini mukuru mumhuri yedu. Baba vedu vakatisiya kare kare, uye amai vedu vakashaika nekuda kweAIDS mwedzi mishoma yapfuura. Pane vanin'ina nehanzvadzi dzangu vana, vadiki kwandiri, uye ndini ndinotofanirwa kuvachengeta.

Amai havana kusiya vanyora pasi kuti nhaka yavo inogovewa sei, saka pavakafa vanasekuru vakatora zvinhu zvedu zvose.

Tangosarirwa chete neimba, hembe nemapoto mashoma shoma.

Dzimwe nguva mumwe wevafundisi vekucheche anotiunzira zvekudya, uye dzimwe nguva ndinobatsira mamwe madzimai basa remuminda mavo, asi zvatinowana hazvikwane. Kazhinji ndinoshaya hope nekuda kwekunetseka nepfungwa dzekuti torarama sei. Pane vamwewo vana vakaita seni, asi hatimbotauri tose.

Ndapota, ndibatsireiwo tete, nekuti dambudziko iri rinondidya moyo usiku nemasikati.

LOVEMORE

ZVOKUTAIRIRANA

- Pane vana vadiki vamunoziva here vane matambudziko akadai? Chii chavanoita kuzviriritira ivo nemhuri dzavo? Vanobatsirwa nani?
- Munzvimbo mamunogara, ndezvipi zvinoitika kuvana vakadai? Ndivana ani vangavabatsira?
- Chii chinonzi kunyora pasi magoverwe aunoda kuti nhaka yako izoitwa (*will*)? Vanhu vakuru munzvimbo menyu vanonyora nhaka yavo here? Chii chinoitika kana munhu akafa asina kunyora nhaka yake pasi?
- Ndezvipi zvinodikwa nevana nevanhu vechidiki kuti vararame nekukura vaine mufaro neutano, vachizokwanisa kuita zvese zvavangakwanisa kuita muupenyu? Nyorai zvinhu zvacho. Chirongai pfungwa dzamabudisa, muchitanga nezvinhu zvakanyanya kukosha.
- Ndeapi mazano aungapa Lovemore?



Wadiwa Tete Stella

Ndiri mukomana wemakore gumi nematanhatu, ndiri muFomu 3 pane chimwe chikoro chebhodho. Dambudziko rangu ndeiri: Ndinoziva vasikana vakawanda, asi ndiri kuda mumwe chete wandichapana naye rudo runonakidza. Shamwari dzangu dzose dzinozvitungamadza padzinotaura nezvekusangana pabonde kwadzinoita, uye ini ndinodawo kuita saivo.

Ndava kutya kuti ndava kuchembera zvekuti pandichazowana musikana achazondiseka nekutadza kwandinenge ndichiita pabonde.

Ndiri kunyatsofunga zvekuenda kun'anga kunopiwa mushonga wekuti vasikana ava vanyatsondida. Ndapota tete, ndipeiwo zano.

Titus



ZVOKUTAIRIRANA

- Ndeupi mutsauko uripo pakati pekusangana pabonde nerudo?
- Unofunga kuti ichokwadi here kuti shamwari dzaTitus dzakatotanga zvekusangana pabonde? Kana chisiri chokwadi, sei vachinyepedzera kudaro?
- Ndezvipi zvinhu zvaunonyepa kuti wakaita, uchiitira kuti ugonzi nevanhu wakabudirira? Izvi zvinobatsira here kana kukanganisa ukama hwako neshamwari dzako?
- Munofunga kuti chii chinoita kuti imi neshamwari dzenyu mude kuenzana uye kuita zvinhu zvimwe chete? Chii chazvakanakira? Ndedzipi njodzi dziripo pakuita zvakadai?
- Unombopokana here nezvinoitwa neshamwari dzako? Unovataurira here kana kuti unogonyarara?
- Titus oenda kun'anga here? Ndeapi mamwe mazano aungamupa?

Kumhanya hakusi kusvika.
Usamhanyirira kuita zvimwe zvinhu nekuti unogona
kuzvipinza panjodzi.

Wadiwa Tete Stella

Ndakarambana nemukomana wangu mwedzi mishoma yapfuura nekuti ndainge ndaziva kuti airara nevamwe vasikana. Zvino svondo rapera akauya kuzonditaurira kuti ane chirwere chenjovhera (*sexually transmitted infection – STI*), uye kuti ndinofanirwa kunoongororwa nevarapi sezvo angango akandipawo chirwere chacho.

Zvisinei, ndakaenda kukiriniki nezuro, murapi akanditaurira kuti ndine njovhera, pashure pekunge andiongorora. Akanditi NDINOFANIRA kupedza mishonga yese yaakandipa nekuti ndikasadarwo ndinogona kuguma ndisingachabereki vana.

Zvino, izvi zviri kundityisa chaizvo. Ndinoda kubereka vana vakawanda kana ndakura, ndawana murume akanaka. Ndingatofa hangu ndikangozviziva kuti handichakwanisi kubata pamuviri.

Tete, ichokwadi here? Munofunga kuti ndinogona kuzotadza kuita vana here? Ndapota, ndiudzeiwo.

Fortunate

ZVOKUTAIRIRANA

- Ichokwadi here kuti mukomana kana musikana ane njovhera isina kurapwa kwenguva refu anogona kupedzisira asingachakwanisi kuita vana? Ndezvipi zvimwe zvinogona kutadzisa munhu kuita vana?
- Ndezvipi zvinganyanya kukunetsa kana ukange waziva kuti hauchakwanisi kuzoita vana?
- Kana murume nemukadzi vasingakwanisi kuita vana zvingava zvinokonzerwa here nekuti
 - murume wacho ndiye asingakwanisi kubereka?
 - mukadzi wacho ndiye asingakwanisi kubereka?
 - mumwe wavo, murume kana mukadzi wacho, ndiye asingakwanisi kubereka?
- Unofunga kuti murume nemukadzi vangakwanisa kugara vose vaine rufaro vasina vana here? Nemhaka yei uchidaro?
- Pane nzira dzaunoziva here dzinoshandiswa kubatsira munhu kuti kana asingakwanisi kuita mwana azogona kuita mwana?




Wadiwa Tete Stella

Ndiri musikana wemakore gumi nemashanu, ndiri muFomu 2 pane chimwe chikoro chebhodho. Mudzidzisi wedu weScience akatanga kudzidzisa pachikoro pedu gore rino. Gore rapera takanga tisina mudzidzisi weScience, saka mudzidzisi wedu akati anogona kutidzidzisa pashure penguva yezvidzidzo zvemazuva ese kuti tiite zvidzidzo zvatisina kuita gore rapera.

Pashure pechimwe chezvidzidzo izvi, mudzidzisi akanditi ndisare ndichimubatsira kurongedza zvinhu zvatainge tashandisa. Pakangobuda shamwari dzangu, akatanga kubata-bata nhengo dzangu dzekuberekesa, achinditaurira kuti anondida. Ndakanyara uye ndakatya kumutaurira kuti asadaro.

Iko zvino ndava kutya kuenda kuzvidzidzo zvake nekuti pamwe angangoita izvozvo zvakare. Ndoita sei? Basa rangu rava kusara kumashure.

Sithabile



Mufananidzo wakaitwa naPride Moyo.

ZVOKUTAIRIRANA

- Pane zvinhu zvakaita seizvi zvakamboitika kune mumwe munhu waunoziva here? Zvakaitika kuvasikana chete here, kana nekuvakomana zvekare? Chii chakazoitika kumudzidzisi wacho?
- Sithabile oita zvipi...
 - kurega kunetseka nazvo sezvo zvisina basa?
 - kunyarara, asi oregera kuenda kuzvidzidzo zvemudzidzisi uyu?
 - kutaaurira mumwe munhu nekukasika, munhu akaita seshamwari yake, vabereki, mumwe mudzidzisi, kana mukuru wechikoro?
 - kuudza munhu wese, kusanganisira mapurisa, kuitira kuti mudzidzisi wacho adzingwe basa?
 - kuedza kunyengetedza mudzidzisi wacho kuti amuroore?
 - kuita zvimwewo?
- Sithabile angaita zvipi kana mudzidzisi wacho akaedzazve kumubata-bata?



Wadiwa Tete Stella

Ndiri mukomana wemakore gumi nemashanu, uye ndine shamwari yepamoyo inonzi Misheck. Tava nemakore tichizivana. Tinogara munzvimbo imwe chete, tiri muchikoro chimwe, uye tinotamba tose bhora mutimu huru yechikoro chedu.

Svondo rapera akanditaurira kuti ingochani uye kuti anondida, uye anoda kuti ndive mukomana wake. Ndakatadza kuzvitenda. Haambotaridzike zvakasiyana navamwe uye anogona mitambo, saka angava ingochani sei?

Handitombozivi kuti ndoita sei. Ndinomufarira chaizvo, asi seshamwari chete – kwete zvimwe zvese izvi. Ndava kutya kuti anogona kuedza kunditsvoda kana kuita zvimwe zvakaipa saizvozvo. Ndava kunyanya kutya zvakare kuti vanhu vakaziva chokwadi chiripo nezvake vanozofunga kuti neniwo ndiri ingochani, kunyange zvazvo ndiine musikana wangu.

Handifungi kuti ndichakwanisa kuramba ndiri shamwari yake, asika tiri muchikoro chimwe nemutimu imwe. Ndoita sei? Ndotaurira mumwe munhu here nezvake, munhu wepachikoro kana wemumhuri make? Ndapota, ndibatsireiwo.

Samuel

ZVOKUTAIRIRANA

- Munofunga kuti Misheck akaita zvakanaka here nekutaurira Samuel pfungwa dzake? Nemhaka yei muchidaro? Munofunga kuti ainzwa sei mumoyo make asati ataurira Samuel? Ko iko zvino, pashure pekunge amuudza?
- Munofungei nekutya kwaSamuel? Munomunzwira tsitsi, hashu, kana zvimwewo here? Ndeapi mazano amungamupa?
- Ndedzipi pfungwa dzine vanhu vamunoziva dziri pamusoro pengochani dzechirume nedzechikadzi? Ndeapi mazita avanovapa? Pfungwa dzacho zhinji dzakanaka here kana kwete? Ndedzipi pfungwa dzamunofunga kuti ndedzechokwadi?
- Sarudzai mumwe wemitambo yekutevedzera inotevera, kana kusarudza yakawanda:

- Samuel anoudza vanhu vese nezvaMisheck (boka revanhu vana kana kupfuura)
- Samuel anotaurira Misheck kuti haachakwanisi kuramba ari shamwari yake (boka revanhu vaviri)
- Samuel anotaurira Misheck kuti vacharamba vari shamwari, asi kwete zverudo (boka revanhu vaviri).

Pamagumo, vatambi vose vanofanira kuzotsanangura kuti vanga vachinzwa sei pavanga vachiedzesera vatambi vavanga vakamiririra. Mose kurukurai kuti ndeipi nzira yakanaka kupinda dzimwe panzira dzose dzaigona kutorwa naSamuel.

Wadiwa Tete Stella

Ndiri mukomana wemakore gumi nemanomwe, ndiri muFomu 4. Ndakura zvekuti ndinokwanisa kunyenga vasikana, asi ndichiri mwana wechikoro. Baba vangu vaigara vachindiyambira kuti vakangondiona chete kana kungonzwa runyerekupe rwekuti ndine musikana wandinodanana naye ndipo paibva pangoperera chikoro changu.

Pandainge ndava kuyaruka ndakatanga kufarira vasikana, ndokurasira mashoko ababa vangu kure. Ndakatanga kunyenga vasikana, ndokuzorara nemumwe wavo. Iko zvino musikana wacho ava kuti ane pamuviri uye ari kuti ari kuuya kuzogara neni semukadzi wangu. Handisati ndataurira baba vangu nyaya iyi nekuti ndiri kutya kuregeswa chikoro.

Ndapota tete, ndibatsireiwo apa nekuti nyaya iyi iri kundinetsa mazuva ose.

Vusi

*Muromo wevakuru hauwiri pasi.
Usakanganwa mazano evakuru nekuti
akakosha muupenyu hwedu.*

ZVOKUTAIRIRANA


- Munofunga kuti sei Vusi asina kuteerera mazano ababa vake? Kazhinji, vechidiki vanoteerera mazano evabereki vavo here?
- Ndezvipi zvingaitwa naVusi nemusikana wake iko zvino?
- Tarisai mufananidzo uri pazasi uyu wakaitwa naTakatso Sibanda, mwana wechikoro, wekuBulawayo. Munofunga zvinokwanisika here kunakidzwa neupenyu asi iwe uri munhu anoita zvinhu zvinovaka?

Shamwari dzangu dzinoti ndinofanira kunakidzwa neupenyu ndichiri mudiki, ndichiita zvese zvinoda moyo wangu, nekuti ndichangorarama kamwe chete panyika.

Vabereki vangu vanondikurudzira kuita zvechikoro nemoyo wese, ndichisiya zvimwe zvese zvepanyika kusvika ndawana dzidzo yepamusoro.

Bhaibheri rinoti ndinofanira kuteerera vabereki uyewo kunakidzwa neupenyu hwechidiki, asi ndichiyeka kuti ndichazotongwa nemabasa andakaita

Ndinoda kunakidzwa neupenyu asi ndichiita zvinovaka. Chii chakaoma ipapa?



Wadiwa Tete Stella

Ndiri mukomana wemakore gumi nemashanu, ari muFomu 2. Dambudziko rangu nderekuti ndikangoona musikana akanaka kana kungofunga nezvekurara nemusikana, nhengo yangu yekuberekesa inobva yangomira zvekuti ndinenge ndisingachakwanisi kuidzora, uye ndinotya kuti vanhu vanozoviona. Dzimwe shamwari dzangu dzinonditi ndiite bonyora asi vamwe vanoti ndikadaro ndinozoguma ndava bofu, kana kuti handizokwanisi kuita vana. Zvakare, ndiri kunetseka nekuti vamwe vekuchechi vanoti kuita bonyora chivi, uye vanhu vanoita izvi vachanotongwa kudenga. Mubvunzo wangu mukuru ndewekuti bonyora rakanaka here? Ndingafara zvikuru mukandiudzawo zvarinogona kuita kumunhu, ndisati ndaita zvebonyora.

Ndinotenda rubatsiro rwenyu.

Simba

*'Ah, vasikana, muri kundi-
pa dambudziko!
Ndingazvipedza seiko,
kana kuti ndiko kusikwa
kwemunhu wese?'*

Kubva mudetembo
ra-Phellonu Dube



ZVOKUTAIRIRANA

- Munofunga kuti nhengo dzevakomana vakawanda dzinomira (dzichiita zvekuzvimba) kana vakafunga nezvekurara nemunhu here? Kana izvi zvichivanyadzisa, ndezvipi zvavangaita kuti nhengo dzavo dzisamire?
- Bonyora kana kuti bonyoponyo chiiko? Ungatsanangurira sei munin'ina wako anenge akubvunza kuti bonyora chii? Unofunga kuti bonyora ringabatsira vechidiki sei?

MIBVUNZO: Bonyora

Pamubvunzo wega wega ipai mhinduro yekuti CHOKWADI, KUNYEPA kana HANDINA CHOKWADI. (Tarisai mhinduro dzinotarisirwa pamakadhi emhinduro.)

- 1 Bonyora rinoita kuti munhu ade kurara nemunhu nguva dzose.
- 2 Bonyora inzira isina njodzi yekupedza nzara yezvepabonde, uye rinobatsirawo kuti unyatsoziva muviri wako zvakanaka.
- 3 Vakomana vanoita bonyora vanoguma vapedza hurume hwavo zvekuti havazokwanisi kuitisa mukadzi pamuviri.
- 4 Bonyora rinokonzera kuti uite bofu kana kupenga.
- 5 Vasikana havakwanisi kuita bonyora.
- 6 Ukaita bonyora, mukati memaoko ako munomera vhudzi.
- 7 Ukaita bonyora hauzokwanisi kusangana pabonde nemudiwa wako zvakanaka.

- Ndeapi mazano amungapa Simba?

Wadiwa Tete Stella

Ndiri mukomana achiri kuchikoro uye ndinoda kurara nemusikana wangu. Ndinomutengera zvekudya kuchikoro, ndinomubhadharira bhazi, uye pamwe ndinotombomupa zvipo, asi iye anoramba kurara neni. Shamwari dzangu dzinoti vamwe vasikana vanozviita. Seiko asingarari neni kutaridza kutenda zvinhu zvandinomuitira izvi?

Themba



ZVOKUTAIRIRANA

- **VASIKANA:** Munofunga kuti munofanirwa kurara nevakomana venyu kana vachikutengerai zvinhu kana kukupai mari here?
VAKOMANA: Munotarisira vasikana venyu kuti varare nemi nekuti munovatengera zvinhu here?
- Munofunga kuti sei musikana waThemba achiramba kurara naye? Ndeapi mazano amungapa Themba? Ndeapiwo mazano amungapa musikana wake?
- Vamwe vanoti vakomana havadi zvinhu zvimwe chete nezvinodikwa nevasikana murudo. Ndezvipi zvinodikwa nevakomana murudo, uye ndezvipi zvinodikwa nevasikana? Mose munobvumirana here?
- Tarisai mufananidzo unotevera. Munoti kudini nepfungwa dzaLovemore? Nyoraiwo pfungwa dzenyu dzezvamunotendera pane zvekurara nemunhu, zveupenyu nezverudo. Ndedzipi pfungwa dzine musoro?



'Eeh, machinda. Ndeipi? Shamwari dzangu dzinoti ndinofanira kurara nezvimoko, asi ndine pfungwa dzichakushamisai. Handisi kuzorara nemunhu iko zvino, uye kwenguva huru ichatevera. Pfungwa dzinonditugamirira muupenyu ndeidzi: "Zviri nani kuzvichengetedza pane kuzovidemba mangwana."

Kubva pamufananidzo wakaitwa naLovemore Mataruka

Wadiwa Tete Stella

Ndiri mukomana wemakore gumi nemanomwe, uye dambudziko rangu nderekuti ndine mapundu akapoteredza musoro wenhengo yangu yekuberekesa. Pandaiva muFomu 2 mudzidzisi wedu akatitaurira kuti iyi injovhera, uye munhu anayo anopedzisira ava kupenga kana akasarapiwa. Ichokwadi here ichi? Chirwere rudziiko ichi, uye chinorapika here? Ndiri kutya kuenda kukiriniki nekuti munhu wese anonditaurira kuti varapi vanoomesera vanhu vechidiki vese vanouya vaine chirwere chakadai.

Jabulani



ZVOKUTAIRIRANA

- Munofunga kuti dambudziko rina Jabulani nderipi? Munofunga kuti ane chirwere chenjovhera here? Ndeapi mazano amungamupa?

MIBVUNZO: Zvirwere zvenjovhera (STIs)

Pfungwa dzinotevera idzi ndedze-CHOKWADI kana kuti KUNYEPA here? (Tarisai mhinduro dzinotarisirwa pamakadhi emhinduro.)

- 1** Haukwanise kubata chirwere chenjovhera kana usina kumbosangana nemunhu pabonde.
- 2** Unogona kurapa njovhera nekurara nemunhu asati amborara nemunhu, mhandara kana kuti mukomana akazara.
- 3** Kushandisa kondomu ndiyo chete nzira ine chokwadi chekuti haubati chirwere chenjovhera.
- 4** Zvirwere zvese zvenjovhera zvinoita kuti urwadziwe paunenge uchirasa mvura.
- 5** Njovhera zhinji dzinorapika nyore, kana ukaenda kunorapwa nekukasika.

- Neiko vamwe vanhu vanoshanda nezveutano vachiomesera pamwe nekutsvinyira vechidiki vane njovhera? Ndezvipi zvamungaita panaya iyi?

Wadiwa Tete Stella

Ndine makore gumi nemapfumbamwe uye mukomana wangu ane makore makumi maviri. Tava nemwedzi mina tichirara tose. Pekutanga taishandisa makondomu, asi mukomana wangu ainge asingaadi. Pashure pemwedzi miviri akati tinofanira kuva takavimbika, toredgedza kushandisa makondomu. Saka ndakafunga zvekushandisa mapiritsi nekuti ndakanga ndisingadi kubata pamuviri.

Iko zvino ndakanzwa kuti mumwe wevasikana vakambodanana nemukomana wangu ari kurwara neAIDS. Ndiri kutya kuti mukomana wangu anacho chirwere ichi uye kuti akatondipawo. Handizivi kuti ndoita sei. Ndakambonzwa parhedhiyo pachitaurwa nezvekuongororwa AIDS, asi vanhu vanoti ukaenda unonobvunzwa mibvunzo yakaoma, uye zvaongororwa zvinogona kubuda zvisizvo, uyewo vamwe vanhu vanozoguma voziva kuti utano hwako hwakamira sei.

Handikwanisi kutaurira mukomana wangu kana ani zvake nyaya iyi. Uye, handina chokwadi chekuti ini wacho ndinoda kuziva here mamiriro akaita utano hwangu. Ndoita sei zvino?

Tete, ndapota, ndibatsirei – ndinozvidya moyo nguva dzose.

Florence

ZVOKUTAIRIRANA

- Zvinoitika kakawanda zvakadini kuti vanhu vanotanga vachishandisa makondomu, vozoregera, sezvakaita Florence nemukomana wake?
- Ndezvipi zvava kufanirwa kuitwa naFlorence iko zvino?
 - Kutaurira mukomana wake nezvenyaya iyi iri kumunetsa, uye kusimbirira kuti vadzokere kushandisa kondomu?
 - Kunoongororwa kuti ane utachiwana here ari ega, ozo funga zvekuita pasure?
 - Kutaurira mukomana wake kuti anoda kuti vose vari vaviri vanoongororwa kuti vane utachiwana hweHIV here?
 - Kuramba achingorara nemukomana wake vasina kuzvidzivirira?

Ndezvipi zvakanakira uye zvakaipira chimwe nechimwe chezvaangakwanisa kuita?

- Ndezvipi zvaunoziva pamusoro pekuongororwa kuti une HIV here? Ndezvipi zvinoitika paunonoongororwa? Vanoongorora vacho vanhu vakaita sei? Zvinotora nguva yakareba zvakadini kuti uzoziviswa kuti wakamira sei?

Ukatarisa kunaka kwemuviri wangu uku, unofunga kuti HIV ingakwanisa kupinda mauri?



Kwete Memo, ndapota, handei tinoongororwa ropa redu - hapana zvatinoziva nezveHIV.


Kubva pamufananidzo wakaitwa naSimon Pagiwa

Wadiwa Tete Stella

Ndiri musikana wemakore gumi nemashanu, ndiri kunetseka nechimwe chinhu chandakanzwa. Mainini vangu vakati mumwe muvakidzani wavo ari kurwara zvakaipa nechirwere chegomarara repamuromo wechibereko, uye chirwere ichi chinogona kuuraya vakadzi.

Ndanga ndisati ndambonzwa nezvacho, uye ndiri kutya zvikuru. Vanhu vanobata chirwere ichi sei, uye ichokwadi here kuti chinogona kuuraya?

Shamiso



ZVOKUTAIRIRANA

- Makambonzwa nezvegomarara repamuromo wechibereko chevanhukadzi here?
- Munoziva kuti rinokonzerwa nei?
- Munoziva kuti chirwere ichi chingava chinobata vanhu vakawanda here muZimbabwe?
- Ndezvipi zvingaitwe nevasikana nemadzimai kudzivirira kubata chirwere ichi?
- Gomarara iri rinorapika here?



Wadiwa Tete Stella

Ndiri kunetseka, uye handina wandinokwanisa kutaura naye. Pandainge ndiri mudiki, babamukuru vangu waitimbundikira isu vana vadiki, uye waitipa zvipo. Asi gore rapera, pandainge ndava nemakore gumi nemaviri, pamwe vaimbura musango pandainochera mvura, vachindibata mazamo nemukati mehembe. Ndaitya asi vaiti iyi yaiva nyaya yedu tega, nekuti zvikazivikanwa taizopinda mumatambudziko.

Zvino pakupera kwesvondo rapera vakauya kurufu. Munhu wese ainwa doro. Usiku, ndichibva kuchimbuzi, vainge vakandimirira. Vakandibata, ndokundipunzira pasi, vachibva vandibata chibharo. Zvairwadza asi vakandirova pandakachema.

Pasure peizvi vakati yaiva mhosva yangu nekuti ndainge ndakapfeka chibatamazamhu chakaita kuti vanzwe kuda kurara neni.

Tete, ndapota, ndibatsireiwo. Ndiri kunetseka uye ndinonzwa sendakazara tsvina, uye ndiri kuramba ndichingozvirangarira. Ndinotyta kutaurira vabereki vangu. Vangatonditsamwira chaizvo kana vakazviva nekuti babamukuru vanotibatsira nezvekudya nemari. Asi, ko vakazviita zvakare? Hana yangu inorova. Ndoita sei?

Sibongile

ZVOKUTAIRIRANA

- Chii chinonzi kubata chibharo kana kuti kubhinya?
- Munyaya yaSibongile, ndiani akaita kuti zvakaitika izvi zviitike? Nemhaka yei babamukuru vaSibongile vakaita zvakaita izvi?
- Musikana kana mukadzi pane paanganzi ndiye aita kuti abatwe chibharo here, sekuti kana anga akapfeka hembe dzinobudisa muviri? Itai gakava rakanangana nenyaya iyoyi, muri mumapoka.
- Ndeapi mazano amungapa Sibongile pamusoro pezvaangaita iko zvino?
- Iwe ungaita zvipi kana ukabatwa chibharo? (Mose vakomana nevasikana munofanira kupindura mubvunzo uyu.) Ungaenda kumapurisa here? Ndezvipi zvakanakira nekuipira kutaura kuti wabatwa chibharo?

Mwana asingacheme anofira mumbereko.
Kuramba wakanyarara kunogona kuparadza upenyu hwako; kutaurira mumwe munhu kunokuponesa kubva munhamo yekuzvidya pfungwa neyekusuwa.



Wadiwa Tete Stella


Ndiri musikana wemakore gumi nemapfumbamwe, ndava kuda kuita Fomu 4 gore rino. Vabereki vangu vakafa, uye ndinogara naambuya vangu. Babamunini vangu vaimbonditumira mari yechikoro asi vakafawo gore rapera, saka hapana achakwanisa kundibatsira. Ndinoda kupedza chikoro nekunyora bvunzo kuitira kuti ndizowana basa, asi hapana kwandinokwanisa kuwana mari yechikoro. Zvakare, mari yebvunzo yacho yakawandisa.

Zvakanaka here kurara nevarume vachindipa mari, nekuti handioni imwe nzira yandingashandisa kuti ndipedzise dzidzo yangu? Kwandinogara kuno kune varume vakawanda vanokwanisa kundibhadhara kana ndikarara navo, asi ndinotya basa iri. Shamwari yangu inoita izvi yakanditaurira kuti dzimwe nguva varume vanoramba kubhadhara mari yakakwana, uye mumwe murume akambomurova. Ndapota, tete, ndibatsireiwo kupedza dambudziko iri.

Similo

ZVOKUTAIRIRANA

- Shandai muri vaviri vaviri. Mumwe ngaave Similo, mumwe ari murume ari kuda kumubhadhara kuti arare naye. (Pamwe Similo ari kuda kuti murume wacho ahandise kondomu, asi anoramba.)
 - a Kurukurirana.
 - b Pashure, taurirai vamwe vemuboka menyu kuti ndezvipi zvakubuda muhurukuro menyu.
 - c Tauraiwo kuti manga muchinzwa sei pamanga muchiita hurukuro yacho.
 - d Pekupedzisira, tauriranai zvamadzidza kubva muhurukuro iyi.
- Gadzirai chionwa sechiri pazasi ichi, chinotaridza zvakanakira nezvakaipira kuita basa rekurara nevanhu uchibhadharwa mari, uri pachinhano sechaSimilo. Mari yacho ingaenzana nenjodzi dzaunogona kusangana nadzo here?



- Dai Similo aigara munzvimbo menyu, ndezvipi zvimwe zvaigona kuita kuti awane mari kana kuwana rubatsiro rwemari yechikoro neyebvunzo?

Wadiwa Tete Stella

Ndiri mukomana wemakore gumi nemashanu, uye ndine dambudziko randinovimba kuti riri nyore kuti murigadzirise. Handisati ndamborara nemusikana, asi ndinowanza kungorota nezvevasikana. Pandinomuka mangwanani, pashure pekurota, ndinenge ndiine mvura inonamuka panhengo yangu yekuberekesa, ndakatota. Izvi zvinoitikawo nyangwe ndisiri kufunga nezvekurara nemusikana.

Iko zvino ndava kutya kuti kana ndichinge ndazoroora izvi zvinogona kuzokanganisa ukama hwangu nemukadzi wangu sezvo zvichiitika katatu kana kana pasvondo. Ndinonzwa kunge ndine mhosva yandiri kupara, asi handizivi kuti ndingapedza zvirototo izvi sei.

Pane chakaipa here pamuviri wangu, kana kuti imhosva yangu here inoita kuti ndirambe ndichiita zvirototo izvi?

Edson

ZVOKUTAIRIRANA

- Mungaziva here kuti izvi zvinhu zvinogara zvichiitika kuvakomana?
- Munofunga kuti chii chinokonzera kuti mukomana arote, achizoguma atota?
- Munofunga kuti zvirototo izvi zvinoreva here kuti...
 - Edson haana chakaipa paari?
 - Edson anofanira kuenda kunoongororwa nevarapi?
 - Edson anofanira kurara nemusikana nekukasika, asati asvika pakuzorwara?
- Edson acharamba achingoita zvirototo izvi here paanenge azoroora kana kuti paanenge ava kurara nevasikana?



Mushonga weARV unotipa TARIRO!

Wadiwa Tete Stella

Ndine makore gumi nemapfumbamwe, uye ndine mwanasikana mumwe ane makore matatu. Mukomana wangu aive mukuru kwandiri – akandisiya pandainge ndava nepamuviri, asi ndinozviziva kuti iko zvino ava kurwara zvakaipisisa neAIDS. Ndinogara kumusha naambuya vangu. Tinorima chibage kana mvura iriko, uye tinotengesawo matemba. Asi mari yatinowana haitikwaniri.

Handina zvizhinji zviri kundinetsa, asi gore rapera ndakatanga kupera muviri uye pamwe ndinongonzwa simba rangu kuita shoma, nekungoneta. Mwedzi mishoma yapfuura, tete vangu vakaenda neni kukiriniki kuti ndinoongororwa utachiwana hweHIV. Ndipo pandakazoziva kuti ndine HIV.

Mumwe mukadzi wekusvondo kwedu akanditaurira kuti kune mushonga unonzi ARV (*antiretroviral*) unogona kuita kuti unzwe zviri nane, asi akati mushonga wacho unodhura.

Nyangwe zvakadaro hazvo, ndinomuda mushonga uyu. Chinonyanya kundinetsa ndechekuti mwana wangu anozorerwa nani ndichinge ndafa, nekuti ambuya vangu vachembera uye dzimwe nguva vanomborwara. Ndinoda kuona mwana wangu achienda kuchikoro uye achifara, akagwinya.

Kana kuine kwandingakwanisa kuwana mushonga uyu, ndapota, ndiudzeiwo tete.

Thandiwe

ZVOKUTAIRIRANA

- Tauriranai zvamunoziva nezvemushonga we-antiretroviral (ARV). Ruzivo rwezvemushonga uyu rwuri kuwanikwa rwakawanda zvakadini?
- Kana pasina ruzivo rwuripo rwakawanda, chii chingava chikonzero? Ndezvipi zvamungaita kuti muwane rumwe ruzivo?
- Kana asingakwanisi kuwana mushonga weARV, ndezvipi zvimwe zvingaitwa naThandiwe kuti arambe aine utano hwakanaka?



Mushonga weARV unotipa TARIRO!

Wadiwa Tete Stella

Ndiri mukomana wemakore gumi nemashanu, ndinogara pane imwe imba iri mudhorobha, pedyo nechikoro changu. Vabereki vangu vanoshanda mumugodhi uri zvinhambwe 40 km kubva pandinogara. Dzimwe nguva vabereki vanonoka kutuma mari yekubhadhara imba, mukadzi wemuridzi wemba obva auya kumupanda wangu achiti tirare tose. Ndinotyanya kuti ndikaramba achiedidzinga pamba apa, ndigoshaya kwekugara. Pari zvino ndambokwanisa kuwana nzira dzekuti abude mumupanda mangu pasina chaitika, asi zvinhu zvacho zvava kutonyanya. Hapana munhu andingataurire nyaya iyi, uye handizivi kuti ndoita sei. Kana murume wacho akazomuwanikidza ari mumupanda mangu ndine chokwadi kuti anondipomera mhosva.

Oliver

ZVOKUTAIRIRANA

- Munofunga kuti vakomana vanogona kubatwa chibharo here? Kubatwa nevakadzi? Nevarume?
- Vanhu vanoti kudini nezvevakomana vanobatwa chibharo? Zvinotaurwa zvacho zvakasiyana here nezvinotaurwa pamusoro pevasikana vanobatwa chibharo?
- Ndeupi mutsauko uripo pakati pekubatwa chibharo nekukanganisirwa kodzero dzako?
- Oliver angataurira ani nyaya iyi? Ndezvipi zvimwe zvaangaite?
- Vabereki vake vangabatsira sei?



Wadiwa Tete Stella

Ndiri musikana wemakore gumi nemashanu. Ndakatanga kutevera mwedzi ndiine makore gumi nematatu. Chava kundinetsa ndechekuti ndava nemwedzi mina ndisati ndatevera mwedzi. Ndiri mhandara, uye handina kumboita mukomana muupenyu hwangu. Pane chakaipa pandiri here? Shamwari dzangu dzinoti handibereki. Ichokwadi here? Ndapota, ndibatsireiwo nekuti ndinotya kuti pamwe handikwanisi kuzoita vana.

Pauline



ZVOKUTAIRIRANA

- Vasikana vazhinji vaunoziva vanotevera mwedzi pamwedzi wega wega here kana kuti kwete?

VASIKANA: Tauriranai muboka menyu kuti mumwe nemumwe wenyu anotevera zvakadini.

VAKOMANA: Tauriranai zvamunoziva.

Tauriranai kuti sei vamwe vasikana vasingateveri pamwedzi wega wega saPauline.

- Munofunga kuti kusatevera mwedzi wega wega uku kungangoreva kuti Pauline haakwanisi kuita mwana here?
- Ndezvipi zvimwe zvamunoziva zvinotenderwa nevanhu vemunzvimbo menyu kuti ndezvechokwadi, pane zvevakomana, vasikana, kusangana nemunhu pabonde, kubata pamuviri, nezvimwewo zvakadaro? Zvinyorei zvole. Semuenzaniso, vamwe vanhu vanotendera kuti kana musikana achitevera pasure pemasvondo maviri ega ega zvinoreva kuti achaita mapatya, kana kuti kana mukomana ava nendebvu zvinoreva kuti akamborara nemukadzi.

Ndezvipi zvinotenderwa nevanhu zvamunobvumirana nazvo, uye ndezvipi zvisiri zvechokwadi?

Wadiwa Tete Stella

Ndiri mukadzi wemakore gumi nemapfumbamwe, uye ndakaziva kuti ndine HIV gore rapera. Pekutanga ndakambovhunduka, asi ndakazotaurira mukoma wangu uyo akazondibatsira kutaaurira mai vedu. Hapana vanhu vatinomboudza – handirwari uye ndichiri kukwanisa kuita basa rangu rekusona.

Mazuva mashoma apfuura ndakasangana naThando kuboka rekuimba randakapinda. Ndinomufarira, uye iye ari kundipfimba. Asi ndiri kunetseka. Handidi kumutaurira kuti ndine HIV nekuti haazodi kuti ndiite musikana wake. Zvakare, anogona kuzotaurira vamwe vanhu vemunzvimbo medu muno, vobva varegedza kuzosonesa zvinhu zvavo kwandiri.

Ndinoshaya kuti munhu akaita seni angazokwanisawo kuwana mukomana here. Kuboka redu rekutsigirana nezveHIV neAIDS zvakanzi hapana chakaipa kurara nemunhu, chero chete muchishandisa kondomu, asi ndinongotya. Zviri nane here kumira kusvika ndawana mukomana ane HIV, anozondinzwisisa, asingandipi mhosva?

Saka, iyi ndiyo mibvunzo yangu: ndotambira rudo rwaThando here, uye kana zvakadaro, ndomutaurira nezveHIV ndisati ndava musikana wake here? Tete, ndapota, ndipeiwo zano.

Winnie

ZVOKUTAIRIRANA

- Ungatenga hembe kumunhu anosona waunoziva kuti ane HIV here? Sei uchidaro? Mhinduro yako inogona kutsigirwa neruzivo rwechokwadi rwuripo rwezveHIV here?
- Semaonero ako, vanhu vechidiki vemunzvimbo maunogara vanorara nemunhu vasingazivi kuti munhu wacho waarara naye ane HIV here vakawanda zvakadini – vashoma, vazhinji, kana kuti pane vamwewo havo vanodaro? Kuita zvakadaro kune njodzi yakakura papi, uye kune njodzi shoma papi?
- Zvakanaka here kuti Winnie arare naThando kana iye Thando wacho asina HIV? Ndedzipi njodzi dziripo? Vangadzivirira njodzi dzacho sei?
- Zvingagona here kuti Thando wacho anotovawo neHIV? Kana anayo, ndezvipi zvavanofanira kuita vose vari vaviri?
- Winnie anofanira kutaurira Thando kuti ane HIV panguva ipi?

- Haafaniri kutombomutaurira
- Asati atanga kurara naye
- Kana chete achinge amubvunza
- Kana vava kuzivana zviri nane kupinda iko zvino
- Kana chete vachida kuita vana.

Ipai zvikonzero zvinotsigira mhinduro dzamasarudza.

Pane zvimwe nezvimwe zviri pamusoro izvi zvinogona kuitwa naWinnie, ndezvipi zvinhu zvingaitika kana Winnie akasarudza kuita izvozvo?

Fungai zvakanaka nezvakaipa zvinokwanisa kuitika.

Wadiwa Tete Stella

Ndiri mukomana wemakore gumi nematanhatu, ndiri muFomu 3. Ndine dambudziko guru nekuti ndinonyara vasikana. Dzimwe nguva handitombokwanisi kuvatarisa. Shamwari dzangu dzinogara dzichinditaurira kuti ndikaputa mbanje zvinozondiitira nyore kutaura nevasikana. Shamwari dzangu dzose dzine vasikana, saka ndinonzwa sendasaririra ndega, uye ndinosurikirwa. Ndinoda musikana, asi handidi kuputa mbanje, saka ndoita sei?

Philani



ZVOKUTAIRIRANA

- Kunyara idambudziko rinosanganikwa naro nevechidiki vakawanda here? Dambudziko iri rinowanikwa rakawanda muvakomana here kana muvasikana?
- Vanhu vakawanda vaunoziva vanoda here kuva nemukomana kana musikana nekuda kwekuti chete vamwe vese vanavo? Ichi chikonzero chakanaka here chekudanana nemunhu?
- Mbanje ingabatsira Thulani here? Nemhaka yei? Ko doro nezvimwewo zvinodhaka?
- Ndeapi mazano aungapa Philani pamusoro peizvi.....
 - a** kupedza kunyara?
 - b** kuita shamwari nevasikana?
 - c** kuputa mbanje?
 - d** kuva nemusikana pazera rake?

Wadiwa Tete Stella

Ndiri mukomana wemakore gumi nemasere, uye ndine dambudziko rekuti vabereki vangu vari kupindira muupenyu hwangu. Vanogara vachingonditaurira vanhu vandinofanira kutamba navo uye nguva dzose vanongonditi ndingwarire kuti ndisarara nemunhu ndisati ndaroorana naye. Nguva dzose vanosimbirira kunditaurira zvandinofanira kuita nezvandisingafanire kuita zvekuti handichambonzwa kuda kuvabvunza kana kuvataurira zvimwewo zvinhu zvinenge zvichindinetsa. Sekuru vangu vanogara kure, saka handina munhu wechikuru wandinogona kutaura naye uye kubvunza mazano. Ndoita sei?

David

***Kura uone.
Pauchakura
uchasangana
nezvinhu
zvinokutaridza
chokwadi
cheupenyu.***



ZVOKUTAIRIRANA

- Vechidiki vazhinji vaunoziva vanowirirana here nevabereki vavo?
- Ko iwewe? Munogarisana sei naamai nababa vako?
 - a Zviri nyore kwauri here kutaura navo, usinganzwi kumanikidzika?
 - b Ndezvipi zvinonetsa pakati pako navo?
 - c Ndeupi waunowirirana naye zviri nane, baba kana mai vako?
- Vabereki vako vanokubata zvakadii? Pane zvikonzero zvaungafunga here zvinoita kuti vadaro? Vanobata vanakomana nevanasikana zvakasiyana here? Kana zvakadaro, ungafunga kuti chii chinoita kuti vadaro?
- Ndeapi mazano aungapa vamwe vechidiki kuti vagarisane zvakanaka nevabereki vanovanetsa?
- Kune vamwe vanhu here vechikuru vaunokwanisa kutaura navo wakasununguka? Ndevapi? Chii chinoita kuti zvive nyore kwauri kutaura navo?

Wadiwa Tete Stella

Ndiri mukomana anoenda kuchikoro, wemakore gumi nemanomwe. Ndine musikana, uye takatanga kurara tose mwedzi mishoma yapfuura. Pazororo rezvikoro rapfuura, ndakashanyira sekuru vangu kuBulawayo uko kwandakanosangana nemumwe musikana panze pebhawa. Takarara tose kamwe chete. Pandakazodzoka kumba ndakabva ndaita chirwere chenjovhera.

Muzvidzidzo zvedu zve-science takaudzwa kuti unofanira kutaurira mudiwa wako kana uchinge wabata njovhera. Izvi ndakambozviverenga mune mamwe magwaro zvakare. Asi, sei ndichifanira kutaurira musikana wangu? Anozonditsamwira. Haakwanisi here kuzozvionera ega kuti pane chakaipa pandiri paya patinenge tava kurara tese, ndisina kutombomutaurira? Handidi kusiiwa nemusikana wangu. Ndoita sei?

Leroy

ZVOKUTAURIRANA

- Leroy anofanira kutaurira musikana wake here? Chii chinogona kuitika kana akasamutaurira? Ko kana akamutaurira?
- Ndezvipi zvawaida kuti Leroy aite dai waiva iwe musikana wake?
- Unganzwa sei kana mukomana kana musikana wako akarara nemumwe munhu? Ungaita sei?
- Chirwere chenjovhera chinowanikwa zvakawanda zvakadii muvanhu vechidiki vaunoziva? Chii chinokonzera izvi? Zvingadzivirirwe here izvi?
- Ungakwanisa here kuona kuti munhu ane chirwere chenjovhera? Ndezvipi zvinhu zvinotaridza kuti munhu anayo (kuvarume nekuvakadzi)?



Wadiwa Tete Stella

Ndiri mudzimai wemakore gumi nemapfumbamwe, uye ndinotengesa muriwo pamusika. Ndakaenda kunoongororwa HIV ndikaonekwa kuti ndinayo. Ndinogara namainini vangu nekuti amai vakafa uye baba vakanyangarika ndichiri mudiki. Ndinonyara zvikuru kutaurira mainini, kana kuudza shamwari dzangu, kana mumwewo zvake munhu wepamusika pedu, nekuti vanogara vachiita nyambo dzezvevanhu vane AIDS. Ndinotyawo kuti mainini vangashatirwa zvikuru, uye vangazosuwa.

Handichayeuki zvakataurirwa nevanopa mazano paya paunoongororwa HIV. Chii chandinofanira kuita iko zvino? Pane zvinhu zvinogona kundibatsira here? Ndinofanira kudya zvimwe zvinhu zvakanakisa here? Pane mapoka ariko here evanhu vane HIV? Ndanga ndiri kudzidzira basa rekugadzira sipo nemamwewo mabasa, zvino ndoramba ndichienderera mberi here kana kuti ndochingomira zvangu, ndichigadzirira kufa.

Handisi kurwara, asi ndiri kunetseka mupfungwa zvekuti handikwanisi kudya kana kurara zvakanaka. Ndinonzwa kunge upenyu hwangu hwatoguma. Ndinoda kuva neupenyu sehwe munhu wese – ndichizviwanira mudiwa, tozoita vana vedu – asika izvi hazvichakwanisiki. Zvakare, ndochiregera here zvekurara nemunhu? Dzimwe nguva ndinombofunga kuti zviri nane kuzviuraya pane kumirira kufa neAIDS. Tete, ndapota, ndibatsireiwo – hapana mumwe munhu wandinokwanisa kutaura naye.

Charity

ZVOKUTAIRIRANA

- Ndoupi mutsauko uripo pakati peHIV neAIDS?
- Munzvimbo maunogara, mune vanhu vakawanda vane HIV kana AIDS here? Vanokwanisa here kutaura kuti vane HIV kana AIDS? Nemhaka yei? Sei vasingatauri?
- Ukange wazviziva kuti une HIV, ndezvipi zvaunganyanye kutya?
- Charity anofanira kungomirira kufa here, kana kuti pane nzira dzaangashandisa kuzvidzivirira, agoramba aine utano? Ungapindura mubvunzo wake wezvekurarama uine HIV uchiti kudini?
- Nyora pasi zvinhu zvese zvinotaurwa nevanhu pamusoro pevanhu vane HIV neAIDS. Isa zvinhu zvinotaurwa zvinobatsira muboka mazvo zvega, wozoisawo zvakaipa pazvo zvega. Nderipi boka rine zvinotaurwa nevanhu zvakawanda? Ungati sei zvakadaro?



Wadiwa Tete Stella

Ndiri musikana wemakore gumi nematanhatu, uye ndanga ndichidanana nemukomana wangu kwemwedzi mina yapfuura. Nguva dzose aida kuti tirare tose, asi ini ndichiti kwete. Asi rimwe zuva zvakazoitika. Handina kana kutombonakidzwa nazvo. Izvi zvakaitika mwedzi miviri yapfuura, uye handisati ndambotevera mwedzi kubvira ipapo. Takangorara tose kamwe chete, tisina kondomu, asi shamwari dzangu dzinoti handingambovi ndakabata pamuviri. Ichokwadi here?

Ndakambonzwa vamwe vasikana vachitaura nezvemapiritsi anokwanisa kudzivirira kubata pamuviri kana warara nemunhu usingadi kana kuti wamanikidzirwa. Ndingava ndakanonoka here kunwa piritsi iri? Handidi kuita zvinhu zvinozondipinza munjodzi.

Ndapota, ndibatsireiwo. Handizivi kuti ndoita sei.

Nyaradzo

ZVOKUTAIRIRANA

- Unoziwa nzira dzekudzivirira kubata pamuviri here? Pindura mibvunzo inotevera uone kuwanda kweruzivo rwaunarwo.

MIBVUNZO: Pamuviri

Pazvirevo zvinotevera, ndezvipi zvechokwadi uye zvisiri zvechokwadi? (Tarisa mhinduro dzakapiwa pazasi pepeji ino.)

- 1 Musikana haagoni kubata pamuviri paanorara nemukomana rwekutanga?
- 2 Haubati pamuviri kana mukaita zvepabonde makamira.
- 3 Haubati pamuviri kana murume akavhomora nhengo yake yekuberekesa asati abudisa hurume.
- 4 Haubati pamuviri kana ukageza kana kurasa mvura (kuita weti) uchangopedza kurara nemunhu.
- 5 Musikana haagoni kubata pamuviri kana asati ava kutevera mwedzi.
- 6 Haukwanisi kubata pamuviri kana mukomana awarara naye ane makore gumi nematanhatu.

- Ndezvipi zvaunoziva nezvemushonga wemapiritsi unogona kudzivira pamuviri kana ukanwiwa nemukadzi pashure penguva pfupi abva mukurara nemurume? Unoita sei mushonga uyu, uye unowanikwa kupi?
- Nyora zvinhu zvinotaurwa nevakomana vachinyengetedza vasikana kuti varare vose. Nyora mhinduro yakasimba pamusoro pechimwe nechimwe chazvo. Nevamwe vako, dzidzirai kuita hurukuro. Ndiani anokwanisa kuti 'kwete' zvakasimba kupinda vamwe? Ndezvipi zvinobatsira kuita kudaro?

MHINDURO: Zvirevo zvese izvi zviri kutaura manyepo. Kana wanga uchifunga kuti chimwe chezvirevo zvachochi kutaura chokwadi, notofanira kuzvichengetedza kana kudzivirira mudira wako asabata pamuviri.

Wadiwa Tete Stella

Ndiri mukomana wechidiki, uye ndinodisisa mumwe musikana wepachikoro pedu anonzi Susie. Tinoshanda nesimba kuchikoro uye takabvumirana kuti tinoroorana tapedza Fomu yechina. Dambudziko redu nderekuti vabereki vake vakamuzvarira kune mumwe murume. Akataurira vabereki vake kuti anoda kuroorwa neni, asi ivo vanoti anofanira kutevedzera zvavanotaura.

Tingaita sei? Kana akaramba achiramba, vachazoti haasisiri mwana wavo. Murume wacho akura uye akapfuma chaizvo. Ndinofunga vabereki vaSusie vari kuda kuti amuroore nekuti ane mari. Vava kutotaura nezveroora, uye kuti achabvisa marii.

Vabereki vanobvumidzwa here kumanikidzira musikana kuroorwa nemunhu waasingadi? Ndapota, tibatsireiwo.

Farai

ZVOKUTAIRIRANA

- Mutsika dzako munoitwa zvekuti vabereki vanosarudzira mwana munhu wekuti aroorane naye here? Zvinoitwa nenzira imwe neiri munyaya yaSusie here kana kuti nedzimwewo nzira?
- Vamwe vanhu vanotendera kuti pfuma yeroora inosimbisa ukama pakati pemhuri mbiri, vamwe vachiti roora rinokanganisa kodzero dzemadzimai, vamwewo vachiti vanhu vava kunyanya kuda mari. Iwe unoti kudini?
- Ndezvipi zvakanakira nekuipira chimwe nechimwe cheizvi:
 - a kusarudzira mwana munhu waanoroorana naye, uye
 - b kuroorana kuya kwekuti munhu anozvisarudzira ega munhu waanoroorana naye?
- Pane zvingaitwa naFarai naSusie here kudzivirira kuti Susie wacho asaroorwa nemunhu waasingadi? Kurukurai kuti ndezvipi zvangaita, mozovapa mazano ekuti ndedzipi nzira dzakanaka kutevedza.
- Unganzwa sei kana vabereki vako vakakusarudzira munhu wekuti uroorane naye? (Mose, vakomana nevasikana, pindurai.)



Wadiwa Tete Stella

Ndiri musikana wemakore gumi nemanomwe ari kuzonyora Fomu yechina gore rino. Shamwari yangu yepamoyo, Loveness, uyo ane makore gumi nematanhatu, aive muchikoro chimwe neni kusvika mwedzi wapera. Temu yapera, mudzidzisi wedu wemasvomhu akazvipira kubatsira Loveness muzvidzidzo zvake panguva iya inenge chikoro chapera, nekuti anga asiri kuita zvakanaka muzvidzidzo zvake. Asi pashure pezvidzidzo zvisvika, mudzidzisi akamunyenga. Haaikwanisa kuti 'kwete' – aiva mudzidzisi wake uye aitya kuti aizomupa mhosva. Akabata pamuviri achibva adzingwa chikoro. Asi mudzidzisi wacho haana kumbopiwa chirango.

Ini neshamwari dzangu tinofunga kuti izvi hazvina kunaka. Nemhaka yei ari Loveness ega akapiwa chirango? Pachokwadi, mudzidzisi ndiye ane mhosva huru. Tiri kuzoita musangano wekuronga kuti tingaiti. Tinoda kuti mudzidzisi uyu apiwe chirango. Tinoda kuti Loveness abvumidzwe kudzoka kuchikoro azonyora bvunzo dzake. Tiri kufunga zvekunyora gwaro rekunyunyuta kudare guru rinotungamirira chikoro chedu.

Vamwe vanofunga kuti tiregere kupindira munyaya yacho nekuti chikoro nevabereki vachazoronga kuti vodii nemudzidzisi wacho. Asi ko kana vakasaita chinhu? Isu tinofunga kuti zvaitiri kuita zvakanaka, asi vanoti nyaya iyi hainei nesu. Munoti kudini, tete?

Cynthia

ZVOKUTAIRIRANA

- Unofunga kuti vanaCynthia neshamwari dzake vane kodzero here yekutsamwa nekugumbuka nezviri kuitika pachikoro pavo? Nemhaka yei uchidaro?
- Unofungei nezvehurongwa hwavo hwekuda kuita musangano? Unofunga kuti vanobudirira here? Sei uchidaro?
- Chii chinonzi 'gwaro rekunyunyuta'? Ringabatsira Loveness sei?
- Zvinofambiswa sei munzvimbo maunogara kana musikana wechikoro akaita pamuviri? Anokwanisa here kuenderera mberi nechikoro? Ko munhu wacho akamupa pamuviri ane zvinoitika kwaari here?



Wadiwa Tete Stella

Ndakaroorwa makore maviri apera, ndiine makore gumi nemapfumbamwe, murume wangu aine makore makumi maviri nemaviri. Taipengesana kudanana, uye iko zvino tava nemwana anoyevedza. Handina mumwe munhu wandakamborara naye muupenyu hwangu, kunze kwemurume wangu chete, Thulani. Asi mumwedzi mitanhatu yapfuura iyi, akatanga kunonoka kudzoka kumba. Aiti anenge ari kubasa, asi ini ndine chokwadi kuti ainge achionana nemumwe mukadzi. Ndinotyia AIDS zvikuru, saka ndakazokwanisa kushinga kumutaurira kuti ashandise kondomu. Zvadaro, akapaumba kupenga, achibva anditi handivimbe naye.

Pasure ndakazoziva kuti aishanyira mumwe mukadzi anogara migwagwa miviri kubva pane wedu, ndokubva Thulani azobvuma kuti ane musikana. Akati aizorambana naye nekuti munhu waanonyatsoda chaizvo ndini. Asi pandakati handaizorara naye kusvikira anoongororwa HIV, akaramba. Anoti haadi zvachose kuziva zvaari.

Izvi zvaramba zvichingoitika kwenguva yoda kutosvika mwedzi. Kazhinji ndava kumuti arare muimba yekubikira. Iye anoti hapana munhu anobata murume wake nenzira yakadaro. Asi, ndezvipi zvimwe zvandingaite, nhai tete? Ndichiri kumuda, asi ndinotyia kutora HIV kwaari. Ndapota, ndibatsireiwo – pamwe dai ndisina kuroorwa ndichiri mudiki.

Josephine

ZVOKUTAIRIRANA

- Josephine akaroorwa ane makore gumi nemapfumbamwe chete. Kazhinji vanhu vemunzvimbo menyu vanoorana vari pazera rakadai here kana kutoti vari vadiki kupinda apa? Ndezvipi zvakanakira nekuipira kuroora kana kuroorwa uri mudiki?
- Neiko varume nevakadzi vachitsvaka munhu wekurara naye asiri waakaroorana naye? Nyora pasi zvikonzero zvacho, wozoedza kufunga kuti chikonzero chimwe nechimwe chingagadziriswa sei.
- Vakadzi vakaroorwa ndivo vari kunyanya kutapura HIV munyika dziri kuchamhembe kweAfrica. Unofunga kuti zvinodaro nekuda kwei? Vanhu vangaita zvipi kugadzirisa nyaya iyi.
- Unofunga kuti iko zvino ndezvipi zvinofanirwa kuitwa najosephine? Ko Thulani anofanira kuita sei?



Usaore moyo. Mangwana kuchava nezvinhu zviri nane kupinda zvaunazvo.

Wadiwa Tete Stella

Ndine makore gumi nemashanu, uye ndine dambudziko randishungurudza. Dzimwe nguva ndinongonzwa kusuruvara, pasina chikonzero chingaita kuti ndidaro. Shamwari dzangu dzose dzinogara dzichingonakidzwa, asi ini ndinongozvimanikidzira kutamba navo ndichinyepedzera kuti ndiri kunakidzwa. Zvinonetsa, asi ndinoziva kuti ndikasanypedzera ndinozoguma ndisisina shamwari. Chiiko chakaipa pandiri? Ndapota, ndibatsireiwo.

Sipiwe



ZVOKUTAIRIRANA

- Vechidiki vakawanda vanonzwa sezviri kunzwa Sipiwe here? Kana zviri izvo, sei zvichidaro? Nyora mufananidzo wemanera (*ladder*). Isa chikonzero chinonyanyisa kuita kuti vechidiki vasuruvare pamusoro soro pemanera acho. Chiisawo zvimwe zvikonzero pazasi, zvichitevedzana nekusimba kwazvo. Usakanganwa kunyora kuti 'kusuruvara pasina chikonzero' sezvinoita Sipiwe.
- Vanachiremba vanoti vechidiki vava kuputudza vanogona kunzwa kusuwa uye kushaya tariro pasina chikonzero nekuda kwekusanduka kunenge kuri kuita muviri pakuyaruka. Vasikana, zvikurukuru, vanogona kunzwa kusuruvara kana kutsamwa-tsamwa panguva iya yavanenge vava pedyo nekutevera mwedzi. Kurukurai muchitaurirana zvamunonzwa kana kuti zvakambonzwa, mugoona kuti zvinoitikawo here kwamuri izvi. Zvingabatsira here ukange waziva kuti kunzwa seizvi kunowanikwa muvanhu vakawanda?
- Dambudziko rikataurwa nezvaro harizonyanyi kurema. Izvi zvinoreva kuti munofanira kutaura guva dzose nezvematambudziko amunenge muinawo. Munobvumirana nepfungwa iyi here? Ingabatsira Sipiwe here?
- Ndezvipi zvingaitwa naSipiwe kuti akwanise kurarama aine dambudziko rake iri? Ndezvipi zvinowanza kukubatsira zvakanyanya kana uchinzwa kusuruvara.

Wadiwa Tete Stella

Ndine makore gumi nematanhatu, ndichiri pachikoro, uye ndine pamuviri. Ndinoda kuzviuraya. Ndakangorara nemukomana wangu kashoma shoma, asi zvakaitika. Ndakataurira mukomana wangu, asi akati aigoziva sei kuti pamuviri apa ndepake. Haachatombotaura neni. Ndikataurira vabereki vangu vanondidzinga. Amai vangu vanoshanda zvakaoma kuti vandiwanire mari yechikoro. Vangatsamwa zvakaipa vakaziva kuti ndizvo zvandakaita.


Handidi hangu mwana uyu, uye handidi kusiira chikoro panzira. Ndiri panguva yakaoma, asi handingakwanisi kutaurira munhu. Zvandingangokwanisa kuita kutsvaka munhu anobvisa pamuviri pachu, asi ndinoty aye handina mari yokuzobhadhara. Ndapota, ndibatsireiwo kufunga kuti ndoita sei.

Priscilla



ZVOKUTAIRIRANA

- Nyora zvinhu zvinokwanisa kuitwa naPriscilla zvaava nepamuviri kudai. Wapedza, gadzira chionwa sechiri pazasi ichi, chinotaridza mibairo inogona kuvapo pazvinhu zvaangagona kuita zvacho. (Mimwe mibairo yacho yakanaka, mimwe yakaipa.) Kurukurai nevamwe nezvepfungwa dzamabudisa. Dai waiva iwe Priscilla waisarudza kuita zvipi?



- Priscilla ari kufunga zvekubvisa pamuviri pacho. Ndedzipi njodzi dziripo pakubvisa pamuviri zviri kunze kwemutemo?
- Unofunga kuti nei mukomana waPriscilla asingachatauri naye? Unofunga kuti mukomana wacho anonzwa sei? Ndezvipi zvingaitwa nemukomana wacho – nemhuri yake – kana zvinhu zvamira seizvi?
- Priscilla angawana sei nzira yekudza vabereki vake zvichizoita kuti vatambire chokwadi chiripo, vachizomubatsira?

Wadiwa Tete Stella

Ndiri munhu wechidiki ane makore gumi nemasere, uye ndinoda musikana wangu nemoyo wese. Tava nemwedzi gumi tichidanana. Hatisati tamborara tose, asi tinobatana-batana nekutsvodana zvakanyanya. Ndinozviziva kuti zvino zvino tinenge tava kurara tese – nekuti tese tinonzwa kuda.

Asi ndine dambudziko. Ndiri munhu wechitendero, uye mufundisi wangu anoti makondomu akaipa, uye hapana munhu anofanira kumashandisa, kunyange makaroorana. Anoti handifaniri kuita zvepabonde ndisati ndarooro. Handibvumirani naye nekuti ndine chokwadi kuti tichatoroorana chete mune remangwana. Pandakange ndisati ndatendeuka ndakamborara nevamwe vasikana vashoma. Ndinozviziva kuti uku kwaive kukanganisa, asi iko zvino ndava murudo rwechokwadi uye ndinoda kuzvitaridza.

Zvakare, pane imwezve nyaya. Vamwe vanhu vekusvondo kwangu vanoti makondomu ane tumaburi tudikidiki tusingaoneki, tunorega HIV ichipinda, saka haambokudziviriri zvachose. Ichokwadi here ichi?

Tete Stella, ndapota ndibatsireiwo. Ndingaita sei?

Munyaradzi

ZVOKUTAIRIRANA

- Chitendero chako chinodzidzisa zvipi maererano nezvokusangana nemunhu pabonde nezvekudanana nemunhu? Zvinyore pasi. Unotenderana nezvese here? Ndezvipi zvausingabvumirani nazvo, uye nemhaka yei?
- Munyaradzi ari kunetseka nenyaya yekuti makondomu anodzivirira kutapura HIV here – ndezvipi zvaungamuudza?
- Ndezvipi zvingagona kuitika kuna Munyaradzi nemusikana wake kana vakarara vose vasingashandisi makondomu?
- Ndeapi mazano aungapa Munyaradzi nemusikana wake?



Wadiwa Tete Stella

Ndiri musikana wemakore gumi nematanhatu uye ndine dambudziko rakaoma. Ndinongonzwa kuda vasikana ini ndiri musikana. Handitombodi vakomana zvachose. Pandaive muFomu yekutanga ndaiva nemukomana andaingoitira kuti ndiite sevamwewo vasikana, asi ndakange ndisingatombodi kuti anditsvode, saka takarambana.

Ndinoty a uye ndinonyara kutaurira mumwe munhu. Vabereki vangu vangatondirova nekundidzinga pamba. Handina wandingataura naye kusvondo kwedu nekuti mufundisi anoti varume vanofarira varume, nevakadzi vanofarira vakadzi, vanhu vaSatani, vatadzi. Shamwari dzangu hadzitombonzwisise – vanotondiseka nekuti handipfeki madhirezi uye handina mukomana.

Chiiko chakakanganisika pandiri? Handidi kusiyana nevamwe vanhu vose. Zvinondigumbura kugara ndakasurikirwa seizvi. Dzimwe nguva ndinombonzwa kuda kungoenda parunhare kuti ndingochaira chero nhamba ipi zvayo, kuitira kuti ndiwane munhu wekutura naye zviri pamoyo pangu. Zvandinongofunga chete ndezvekuti dai ndawanawo munhu wekudanana naye, asi handisati ndambosangana nemusikana akaita seni. Ndapota, ndibatsirei. Ndakasurikirwa uye handina mufaro.

Alice

ZVOKUTAIRIRANA

- Unofunga kuti munzvimbo mamunogara mune vanhu vechidiki vakaita saAlice here, vanoda vanhu verudzi rumwe navo?
- Vanovanza zvavari here? Nemhaka yei? Kana uri ngochani, kana kuti uine shamwari ngochani, taurira vamwe vemuboka mako zvinoitika muupenyu hwako kana hweshamwari yako.
- Alice anoty a kuti vanhu vese vanobva vangomufuratira kana vakazviziva kuti ingochani. Ichokwadi here ichi? Unofunga kuti mhuri neshamwari dzako vangaita sei ukavataurira kuti uri ngochani?
- Ndeapi mazano aungapa Alice? Otaurira mumwe munhu here? Ndezvipi zvimwe zvaangaita?

MIBVUNZO: Ngochani

Ndezvipi zvirevo zviru kutaura chokwadi nezviri kungotaura mafungiro evamwe vanhu?

- 1 Zvakaipa kurara nemunhu werudzi rumwe newe.
- 2 Kune vanhu ngochani munharaunda dzakasiyana-siyana pasi rino rose.
- 3 Zvisungo zvedzimwe nyika dzekuchamhembe kweAfrica zvinotsigira kodzero dzengochani.
- 4 Ngochani dzinokanganisa vana vedu.

- Sei zvakanosha kuziva mutsauko uri pakati pechokwadi nezvinhu zvinongotaridza mafungiro evamwe vanhu?

Wadiwa Tete Stella

Ndiri musikana wemakore gumi nemanomwe. Ndagara ndichingorwadziwa nejeko, pandinotevera mwedzi. Ndinorwadziwa pakufamba zvekuti handitokwanisi kuenda kuchikoro. Ndinonzwa kuda kurutsa, uye dzimwe nguva ndinonzwa kupiswa kana kutonhorwa. Izvi zvinoitika mwedzi wega wega, saka shamwari dzangu dzinoziva chikonzero chacho kana ndarovha chikoro. Zvinonyadzisa zvikuru.

Pandinokwanisa kuenda kuchikoro, zvinondisvota kuti hapana pekurasira donje randinenge ndashandisa. Ndikakanda donje racho muchimbuzi haritakurwi nemvura, saka rinobva ravhara mwena wechimbuzi. Ndinonyara zvikuru kana vanhu vachizviziva kuti ndiri kutevera, uye munhu wese anogona kundiseka.

Ndapota tete, ndibatsireiwo nekuti ndinonetseka kuti ndicharamba ndichirovha chikoro, ndozotadza pabvunzo.

Agnes



Mufananidzo wakatorwa kubva pane wakaitwa naMkhululi Khumalo

ZVOKUTAIRIRANA

- Vamwe vasikana vanotadza kuenda kuchikoro here pavanenge vachitevera mwedzi? Nemhaka yei? Izvi zvinogona kuita sei pakudzidza kwavo?
 - Ndezvipi zvingaitwa naAgnes nenyaya yejeko rake? Nyora pasi zvose zvaangaita zvaunoziva zvinogona kubatsira.
 - Agnes neshamwari dzake vangaita zvipi kuti nguva dzose muchimbuzi chavasikana muve mune pekuisa donje rakashandiswa?
 - Makamboseka here (mose vakomana nevasikana) kana kuti shamwari dzenyu dzakamboseka here musikana anenge ari kutevera mwedzi? Nemhaka yei?
 - Munofunga kuti sei Agnes achinyara kana vanhu vakaziva kuti ari kutevera? Vasikana vazhinji vanodaro here? Iwe neshamwari dzako (vakomana nevasikana) munofungei nenyaya yekutevera mwedzi:
 - kuti zvine tsvina uye zvinonyadzisa
 - kuti chinhu chakanaka, chinowanikwa pamukadzi paanosikwa
 - kana zvimwewo?
- Maonero enyu acho aya anobatsira here kana kuti anokanganisa upenyu? Kana achikanganisa mungaasandura sei?

Wadiwa Tete Stella

Ndiri musikana wemakore gumi nematanhatu. Ndakasiya chikoro nekuti ndinoda kuzoita basa rekuratidzira mbatya. Mukomana wangu ane mabhizimisi uye ane purazi.

Ndakasangana naye mwedzi mitatu yapfuura kuchitoro kwake, achibva angondinyenga. Shamwari dzangu dzakanditi ndibvume nekuti aiva nezvinhu zvinokosha zvinoti mari, motokari nerunhare rwemuhomwe. Vakati madhara akanaka nekuti anokupa zvekupfeka nekudya kwakanaka kwakaita sehuku.

Pekutanga aindipa zvipo, achitiwo achandibatsira kuti ndiite basa randiri kuda kuita. Akatopawo hanzvadzi yangu basa papurazi pake. Taifamba nemotokari yake, pamwe tichitonogara mumahotera. Asi iko zvino ava kungoda kurara neni obva angoenda. Anondituka kana ndikakumbira chinhu, uye anonditi ndiri pfambi.


Svondo rapera ndakamuti ahandise kondomu nekuti rinodzivirira, asi akabva ashatirwa uye akandikuvadza patainge tiri kurara tose. Anoti kana ndichida zvipo kubva kwaari ndinofanira kumupa siwiti isisna kuputirwa mupepa, ndichirara naye pasina kakondomu. Akati anogona kunditsvakira mishonga yechivanhu kana ndichiida. Hapana chimwe chaakazombotaura nezvekundibatsira kupinda basa.

Tete, chii chandingaita? Ndaimbovhairira shamwari dzangu ndichida kuti dzitorwe moyo, saka vangandiseka kana ndikakumbira mazano kwavari.

Nyarai

ZVOKUTAIRIRANA

- Muri vaviri vaviri, nyorai mufananidzo wemudhara ane musikana wake wechidiki. Kana muchida munogona kuisawo mazwi anobatsira kujekesa zvamagadzira. Tsanangurai mifananidzo yenyu kune vamwe vose veboka renyu.
- Seiko varume vakuru vachida vasikana vechidiki vakaita saNyarai?
- Seiko vamwe vasikana vechidiki vachifarira kudanana nevarume vakuru? Zvimwe zvikonzero zvacho zvakanaka here, uye zvimwe zvakaipa here?
- Ndeapi mazano aungapa Nyarai?



Wadiwa Tete Stella

Ndiri mukomana wemakore gumi nemanomwe uye ndine musikana pachikoro pangu andinoda nemoyo wese. Ndiri kuita fomu yechina, uye ndinoda kubudirira zvakanaka. Asi iko zvino ndava kuda musikana wangu zvakananyisa zvekuti handichagoni muchikoro. Zvinhu zvese hazvichandinakidze, kusanganisira kana mabhuku, nekuti musikana wangu anouya mupfungwa dzangu nguva dzose. Pane imwe nguva yandakafunga kurambana naye kuti ndienderere mberi nedzidzo yangu, asi ndakatadza – zvakare haana chakaipa chaakaita kwandiri. Saka ndezvipi zvandingaita? Ndapota, ndibatsireiwo tete. Ndiri kutyira kuti ndichakundikana pabvunzo.

Farayi



ZVOKUTAIRIRANA

- Unofunga kuti dambudziko raFarayi rinowanikwa mune vechidiki vakawanda here muzvikoro?
- Wakambozviita here zvekuti rudo runoguma rwoita kuti usanakidzwa nezvimwe zvinhu zvose hazvo?
 - a Zvakaramba zvakadaro kwenguva yakareba zvakadii?
 - b Wakawana nzira yekugadzirisa dambudziko racho iri here?
 - c Chii chakazoitika kumagumo?
- Ndeapi mazano aungapa Farayi? Orambana nemusikana wake here? Ndezvipi zvaangaite kana achida kuramba achidanana nemusikana wake asi asingazokundikane kuchikoro?
- Verenga nhetembo iyi yakanyorwa naLaura naMonica. Wakambonzwawo saizvozvi here?

RUDO NECHIKORO

Ruoko rwangu rwanamatira - hapana chandichakwanisa kunyora, kunze
Kwezita rako - ndicho chinhu chega chine zvachinoreva kwandiri.

Musoro wangu unoti 'dzidza!'

Moyo wangu unoti 'Paul.....'

Zvese zvaikosha zvanyangarikira

Kuseri kwechiutsi chekupfungaira kwerudo rwangu!

Hezvo zvakwidibira musimboti weupenyu hwangu - dzidzo yangu

Asika, wena!

Rudo haruvhuri nzira

Yeupenyu hune basa rine pundutso

Kana kukudzivirira kumapere anoruma

NDINOFANIRA kupepuka kubva mudzikirira iri.....

Laura Moyo naMonica Masukusa

Wadiwa Tete Stella

Ndiri murume ane makore makumi maviri nemaviri. Amai vangu vane HIV uye vanozvitauro kuruzhinji rwevanhu. Vanosevenzera sangano rinoshanda nezveAIDS. 'HIV hachisi chinhu chekuti unganyara nacho', vanodaro amai, 'Ndinofanira kuzvivanzirei? Tinofanira kupiwa rudo, tichitambirwa nevanhu sezvatiri.'

Ndaive mugiredhi rechina amai vangu pavakandiudza kuti vane HIV. Pakutanga ndaitya kuti vachafa, asi iko zvino ndava kuzviziva kuti unogona kuva neHIV asi ugorarama zvine utano kwemakore. Amai vangu vava nemakore anopfuura gumi nemaviri vaine HIV. Vanozvichengetedza nekudya zvekudya zvakanaka, uye kuzorora, saka nguva zhinji vanenge vachinzwa zvakanaka. Vanoti tinofanira kubuda pachena nezveHIV neAIDS, tipedze kutya kune vanhu, kuitira kuti vagobata vanhu vane HIV zviru nani. Handibvumirani navo – vanhu vava nenguva vaine mafungiro avanawo nezveAIDS, saka hazvibatsiri kuvataurira. Ungangoudza hama neshamwari dzepedyo, asi vanofanira kuzvichengetedza muhana dzavo.

Chinhu chimwe chandinobvumirana navo ndechekuti munhu anofanirwa kutaurira vana vake, nekuti vachangozozviziva chete. Vanofanira kuziva chokwadi, uye vanofanira kukwanisa kutaura nezvazvo.

Saka, tete, munofungei? Amai vangu ndinovada uye ndinodada navo – asi ndiani ane pfungwa dziri nane pakati pedu?

Taurai

ZVOKUTAIRIRANA

- Unofunga kuti ndezvipi zvakanakira nokuipira kutaurira vanhu kuti une HIV? Nyora mhinduro dzako wakadziisa mumapoka maviri.
- Dai wanga uine HIV kana AIDS, ndiani wawaitaurira – munhu anoita basa rekubatsira pane zveAIDS, hama dzako, shamwari, vaunoshanda navo, kana vamwewo?
Ndevapi vausingambofi wakataurira?
- Wainzwa sei uchiri mwana mudiki vabereki vako vachiedza kukuvanzira zvimwe zvinhu? Taurira boka rako kuti wainzwa sei pamoyo pako, usataura nezvezvinhu zvawaivanzirwa zvacho. Unobvumirana nazvo here kuti vana vanofanirwa kutaurirwa chokwadi, kunyange chichirwadza?
- Vabereki vangabatsira sei vana kutambira chokwadi chekuti ivo vabereki vacho, kana mumwe mwana, ane HIV? Kurukurai nezvepfungwa dzamunadzo, mozoedza kuona kuti mapoka emunzvimbo menyu anoona nezveAIDS angakupai rumwe ruzivo here.



Wadiwa Tete Stella

Ndine makore gumi nemashanu uye dambudziko rangu nderekuti ndine mburwa kumeso kwangu dzinorwadza kana ndichigeza. Dambudziko iri rakatanga ndine makore gumi nemana, asi hapana zvati zvambosanduka.

Ndakambobvunza tete vangu nezvadzo, vakanditi zvinotaridza kuti ndakura. Vakanga vasingazivi kuti dzinorapwa sei. Kubvira ipapo, kunyange zvangu ndabvunza vanhu vakawanda, hapana anogona kundibatsira. Ndakatombobvunza murapi wepakiriniki pedu, akangonditi ndinofanira kugeza kumeso nesipo yakapfava; izvi ndinozvitevedzera nguva dzose. Zvinoshamisa ndezvekuti mburwa dzacho dzatowedzera, zvekuti kumeso kwangu kwanyangara. Dzimwe nguva ndinonzwa sendashata zvekuti ndinoguma ndisingachafambi-fambi neshamwari dzangu.

Ndapota, tete, ndibatsireiwo kusarudza mafuta anobatsira, ndisati ndaenda kun'nga.

Joan

ZVOKUTAIRIRANA

- Unofunga kuti chii chingava chakakonzera mburwa dzaJoan?
- Zvingangoderedza mburwa kana kudziita kuti dzisaramba dzichiwanda ...
 - a Zvimwe zvekudya zvinogona kuva zvinopindirana kana kusapindirana neganda rako here?
 - b Zvimwe zvekunwa zvinogona kuva zvinopindirana kana kusapindirana neganda rako here?
 - c Dzimwe sipo kana mafuta zvinopindirana kana kusapindirana neganda rako here?
 - d Mune dzimwewo pfungwa here?
- Ndiani angabatsira – chiremba, murapi, n'anga kana mumwewo munhu?



Wadiwa Tete Stella

Ndiri mudzimai wemakore makumi maviri nerimwe, uye ndine pamuviri pemwedzi mitanhatu. Murume wangu akarwara kwechinguva achibva ashaika mazuva mashoma apfuura. Iko zvino ndakadzokera kumba kwevabereki vangu.

Pandakanonyoresa zvekutariswa pamuviri kukiriniki, murapi akandiudza nezvekuongororwa HIV ndichibva ndabvuma kutariswa ropa rangu. Ndakaudzwa zuva iroro zvainge zvaonekwa, murapi akati ndaive neHIV, kunyange zvangu ndisati ndamborwara. Ndakashungurudzika chaizvo, zvikuru nekuda kwemwana andakatakura. Handidi kumupa HIV.

Murapi akati vanogona kundipa mushonga unonzi Nevirapine, kubatsira mwana. Akataura zvimwe zviru maererano nekuyamwisa mwana kwenguva refu. Asi ndakanga ndichichema, saka handina kunyatsonzwisisa.

Saka, tete, ndezvipi zvandingaita kubatsira mwana wangu? Achazvarwa achitorwara here? Uye, zvandine HIV, hazvina njodzi here kuti ndiyamwise mwana wacho?

Chipo

ZVOKUTAIRIRANA

- Chipo ari kuita zvakanaka here kunetseka nenyaya yemwana wake? Chii chinoitika kana amai vaine HIV kana AIDS? Mwana anogona kutapura HIV yacho here? Zvinoitika panguva ipi?
- Ndezvipi zvakanakira uye ndedzipi njodzi dziripo pakuti amai vayamwise mukaka wavo kumwana mucheche ivo vaine HIV? Ndezvipi zvaungakurudzira Chipo kuti aite?
- Chivanhu chinoti kudini pamusoro pemadzimai anosarudza kusayamwisa vana vavo? Vanhu vangaite zvipi kuti vasandure pfungwa dzavo dzekushora madzimai anosarudza kusayamwisa?

